



PENILAIAN TENGAH SEMESTER I (PTS) TAHUN PELAJARAN 2023 / 2024

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda No Absen :
Kelas : V (Lima) Nama :
Hari / Tanggal : Sekolah :

I. Cakra (x) dina salah sahiji aksara a, b, c, atawa d dihareup jawaban anu bener !

- Kaulinan anu dibarung ku kakawihan nyaéta
A. langlayangan B. oray-orayan C. boy-boyan D. congklak
- Kaulinan barudak anu tradisional aya nu kaasup kana olahraga tradisional nyaéta
A. galah asin B. congklak C. langlayangan D. béklen
- Kaulinan barudak jaman baheula béda jeung kaulinan barudak jaman ayeuna. Baheula mah barudak téh arulinna deukeut jeung
A. lapang B. sasatoan C. imah D. lingkungan
- Kaulinan néangan batur nu nyumput upama saurang jadi ucing. Biasana ucing ngitung heula méré waktu batur nyumput saacan kudu néangan kabéhanana. Aya rupa-rupa aturan, disebut
A. ucing-ucingan B. ucing bandera C. ucing sumput D. uucingan
-  Dina gambar digigir barudak téh keur ulin
A. boy-boyan
B. cingciripit
C. congklak
D. gatrik
- Dihandap aya rupa-rupa kaulinan barudak, iwal ti
A. maén *game* B. ngadu kaleci C. oray-orayan D. eundeuk-eundeukan
- Baju* Bapa baseuh sabab uih damelna huhujan. Kecap diluhur mun dirobah jadi kecap rundayan nyaéta ...
A. bajuan B. dibaju C. bajuna D. bajueun
- Ban nu dipaké ulin ku Asep tarik pisan *digorolongkeun* Kecap diluhur mun dirobah jadi kecap rundayan nyaéta ...
A. digorolongkeuna C. digorolongkeunana
B. kagorolongkeun D. kagorolongkeuna

Pék regepkeun ku hidep pupuh di handap pikeun ngajawab soal nomer 9-14 !

**Kembang
(Kinanti)**

Dina lahan anu subur
Tatangkalan gampang jadi
Anu èndah tangkal kembang
Nu jarangkung tangkal kai
Mèrè manfaat ka urang
Hasilna bisa kapetik
Tapi teu cukup ku kitu
Tatangkalan butuh cai
Anggur kudu dipiara
Ulah aya hama cicing
Di gemuk reujeung di cèbor
Di pariksa saban wanci
Hama hileud dina daun
Komo mun hente saeutik
Éta téh jadi gangguan
Tatangkalan bakal rigil
Nya moal alus buahna
Pariksa masing taliti

9. Pupuh diluhur mibanda ... pada
A. 1 B. 2 C. 3 D. 4
10. Guru wilangan dina pada ka hiji padalisan kadua nyaéta ...
A. 4 B. 6 C. 8 D. 10
11. Guru lagu dina pada katilu padalisan kahiji nyaéta ...
A. u B. i C. a D. o
12. Pola guru wilangan jeung guru lagu dina pada kadua nyaéta ...
A. 8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-o, 8-i C. 8-i, 8-a, 8-a, 8-i, 8-o, 8-i
B. 8-i, 8-a, 8-a, 8-i, 8-e, 8-a D. 8-u, 8-a, 8-a, 8-i, 8-o, 8-a
13. Tatangkalan gampang jadi lamun dipelak dina
A. lahan anu lega B. lahan anu subur C. lahan anu sempit D. lahan anu rusak
14. Hama anu sok ngaganggu tatangkalan nyaéta ...
A. bangbung B. simeut C. congcorang D. hileud
15. Imahna Gugun aya di *wetan* tajug.
Kecap diluhur mun dirobah jadi kecap rundayan nyaéta ...
A. wetanan B. wetaneun C. wetankeun D. wetaneuna

II. Eusian titik-titik dihandap ieu ku jawaban anu bener !

16. Kaulinan barudak jaman baheula disebut oge kaulinan ...
17. Kaulinan béklen nyaéta kaulinan nu maké kuwuk jeung ...
18. Bapa dudung mah *gawe* dikota
Kecap diluhur mun maké rarangkén -na jadi ...
19. Lomari téh hésé *mindahkeun*.
Kecap diluhur mun maké rarangkén -nana jadi ...
20. Ari pupuh téh ka iket ku patokan pupuh mangrupa watek, guru wilangan, jeung ...
21. Pupuh ngabogaan ... rupa.
22. Pupuh Kinanti ngabogaan watek ...
23. *Tutup* pantona loba kebul !
Kecap diluhur mun maké rarangkén -keun jadi ...
24. Pancakaki nyaéta ...
25. Asep nyebut ka lanceuk indungna ku sebutan ...

III. Pék jawab ku hidep pananya dihandap !

26. Tuliskeun tilu rupa kaulinan jaman baheula !

Oray-orayan
Luar-léor mapay sawah
Entong ka sawah
Paréna keur sedeung
beukah

Oray-orayan
Luar-léor mapay kebon
Entong ka kebon
Di kebon loba nu ngangon

Mending ka leuwi
Di leuwi loba nu mandi
Saha anu mandi
Anu mandi na pandeuri

27. Naon kaulinan barudak nu ngahaleuangkeun kawih diluhur ?
28. Jieun kalimah tina kecap “bukuna” !
29. Pupuh téh kabagi jadi dua, tuliskeun !
30. Ibu – nyerat – guru – papan tulis – dina.
Pék susun kecap diluhur nepi ka jadi kalimah nu merenah !

